

SANTE SEKSYÈL



KISA MST YE?

Maladi seksyèlman transmisib (MST) transmèt sitou nan fè sèks san kapòt avèk yon moun ki enfekte.

Generalman, sentòm se blesi (plè), ekoulman, ti anpoul oswa veri.

Gen kèk MST, sentòm yo ka pa parèt ni nan fi ni nan gason. Si ou fè sèks san kapòt, sa egzije w pou ale regilyèman nan sèvis lasante pou konsiltasyon ak yon pwofesyonèl sante. Maladi sa yo, lè yo pa dyagnostike epi trete alè, yo ka devlope vin grav, anpeche w fè ptit. Li ka bay kansè e menm lanmò.

APRANN PLIS SOU KÈK MST

Sifilis

Sifilis ka manifeste nan twa (3) etap. Sentòm ki pi grav yo rive nan de (2) premye etap yo, peryod kote maladi a pi kontajye. Twazyèm etap la ka pa prezante sentòm, se poutèt sa, li fè tankou l geri.

Tout moun ki aktif nan fè sèks ta dwe fè tès pou dyagnostike sifilis, fanm ansent espesyalman paske sifilis konjenital kapab lakòz foskouch, defòmasyon depi nan vant, e menm lanmò pandan nesans timoun nan.

Siy yo ak sentòm yo

Premye sentòm maladi a, se plè (blesi) nan pati jenital yo, epi boul nan arèt.

Yo parèt soti nan 7 pou rive nan 20 jou aprè sèks san kapòt avèk yon moun ki enfekte. Plè epi boul yo pa bay doulè, yo pa fè mal. Yo pa grate, yo pa brile epi yo pa prezante pi. Menm san trètman, plè yo ka disparèt san yo pa kite sikatris, men moun nan toujou malad, epi maladi a kontinye devlope. Lè maladi a rive nan yon lòt etap, kapab genyen tach sou plizyè pati nan kò a (ki gen ladan l men ak pye), epi pèdi cheve.

Maladi a kapab san sentòm pandan plizyè mwa oubyen plizyè ane, jouk lè li prezante konplikasyon grav, tankou avèg, paralizi, maladi nan sèvo epi pwoblèm nan kè. Li kapab menm rive touye w.

Pa gen vaksen. Pran prekosyon, pwoteje w!

Veri Jenital (HPV)

Se yon MST ki rele veri jenital.

Se yon viris, Papiloma Viris Imen (Papiyòm Imen), ki transmèt li. Aktyèlman, gen plis pase 100 kalite veri jenital. Kèk nan yo kapab lakòz kansè, espesyalman nan kòl matris la e nan dèyè. Sepandan, enfeksyon veri jenital rive souvan epi li pa toujou bay kansè.

Egzamen pou prevansyon kansè jinekolojik (yo rele l **Papanicolaou** an pòtigè) kapab detekte chanjman byen bonè nan kòl matris la epi egzamen yo ta dwe fèt regilyèman pou tout fanm.

Nou pa konnen konbyen tan veri jenital ka dire san li pa prezante sentòm e ki faktè ki pemèt blesi yo devlope.

Siy yo epi sentòm yo

Enfeksyon veri jenital anjeneral lakòz divès kalite veri (gwo, piti). Kay gason ou jwenn ni souvan nan tèt peni epi nan pati dèyè. Pou fanm, ou jwenn sentòm yo pi souvan nan vajen, epi nan do vajen, nan dèyè epi kòl matris. Blesi yo kapab parèt tou nan bouch epi nan gòj. Ni fanm ni gason kapab enfekte san sentòm yo pa parèt.

Vaksen se pi bon mwayen pou fè prevansyon. Se poutèt sa li enpòtan pou tout ti fi soti nan 9 pou rive nan 13 zan pran vaksen. Vaksen an bon epi li gratis.

Epès Jenital

Se yon virus ki bay maladi sa. Malgre li pa gen gerizon, li gen trètman. Sentòm yo, generalman se ti anpoul ki regwoupe, ki pete epi vire an plè. Aprè moun nan te ekspoze avèk virus la, sentòm yo kapab reparèt depann faktè tankou estrès, fatig, travay twòp, anpil tan avèk antibiotik, règ. Nan gason ak fanm, sentòm yo parèt nan pati jenital (peni, dèyè, vajen, kòl matris).

Pa gen vaksen. Pran prekosyon!

Klamidya ak Gonore

Se bakteri ki bay enfeksyon sa yo ki kapab afekte pati jenital gason epi fanm. Klamidia trè komen nan mitan jèn. Li kapab lakòz pwoblèm sante grav.

Gonore kapab enfekte peni, kòl matris, rektòm (kanal nan dèyè), gòj epi zye.

Lè maladi sa yo pa trete, yo kapab anpeche w gen pitit, doulè pandan w ap fè sèks, gwosès ektopik (gwosès ki fèt deyò matris la), pami lòt pwoblèm sante.

Siy yo epi sentòm yo

Kay fanm yo, kapab gen doulè pandan yo ap pipi, oswa doulè anba vant, ekoulman ogmante, san koule ki pa nan peryòd règ la, doulè oubyen senyen pandan w ap fè sèks. Sepandan, anpil fwa, ou ka malad epi pa gen okenn sentòm. Poutèt sa, li rekomande pou w chache yon sant sante regilyèman, espesyalman si ou te fè sèks san kapòt.

Kay gason yo, pati ou ap boule w, oswa doulè lè w ap pipi. Li kapab lakòz ekoulman oswa pi (pij), anplis doulè nan grenn. Li posib pou pa gen sentòm epi gason transmèt maladi a san yo pa konnen. Li enpòtan pou itilize kapòt lè w ap fè sèks pou ka evite maladi sa yo.

Pa gen vaksen. Pran prekosyon!

Epatit B

Epatit kalite B se yon maladi kontajye. Se viris VHB ki lakòz li. Yo rele li tou « Sewòm omolog ». VHB prezan nan san, nan espèm epi nan lèt manman.

Sentòm yo

Pifò ka nan epatit B pa gen okenn sentòm. Men, pi komen nan yo se fatig, vètij, kè plen ak/oswa vomisman, lafyèv, doulè nan vant, po ak je ki vin jòn, pipi nwa epi matyè fekal pal. Aprè enfeksyon, siy sa yo parèt anjeneral soti nan 1 pou rive nan 6 mwa. Kòm epatit viral se maladi ki souvan pa gen sentòm, se pou w ale regilyèman kay doktè epi fè tès.

Gen vaksen gratis. Ale nan sant sante ki pi prè lakay w.

VIH - SIDA

VIH se viris ki lakòz SIDA, se lè sistèm iminitè a pedi kapasite ‘defann’ kò a, paske li sèlman ap pwodwi plis viris VIH. Avèk kò a san defans, se li ki plis tandans pou lòt kalite maladi devlope. Nan ka sa a, nou di moun nan gen SIDA.

Yon moun ki gen VIH, ak trètman antiretwoviral epi siveyans e swivi apwopriye, SIDA a ka pa janm devlope.

Medikaman yo, n ap jwenn yo gratis nan rezo sante.

VIH - SIDA

Konsa ou ka trape I	Konsa ou pa trape I
Sèks nan bouch san pwoteksyon	Sèks avèk kapòt
Sèks nan vajen san kapòt	Lanmen, akolad (anbrase)
Sèks nan dèyè san kapòt	Ensèk pike w
Sèvi ak sereng pou plis pase yon sèl moun	Pisin, twalèt
Resevwa san kontamine	Kontribisyon san
Soti nan manman ki enfekte rive nan pitit pandan gwosès, akouchman oswa bay tete	Chèz bis (ban)
Aksidan (blese) avèk enstriman file	Savon, sèvyèt, fouchèt elatriye, tas, gode, asyèt, rad
Kontak ak san, blesi oswa nenpòt sekresyon kontamine	Swe, saliv, dlo nan je, estènen, touse
	Lè n ap respire a
	Bo
	Patisipe nan menm anviwònman

Gras a trètman ki egziste jounen jodia, yon moun ki gen VIH pozitif gen menm esperans lavi ak yon moun ki ansante. Men pou sa, nou bezwen fè dyagnostik maladi a byen bonè.

Kijan pou w fè prevansyon ?

Kapòt se metòd ki pi bon (pi efikas) pou w pwoteje tèt ou kont anpil MST, epi an menm tan, anpeche yon gwo sès sanzatan.

Maladi ki transmèt nan zak (vyolans, kadejak)

Si ou viktim vyolans seksyèl nan 72 èdtan ki sot pase yo, ou gen dwa swen medikal espesyalize nan vyolans seksyèl pou yo kapab pwoteje w kont MST epi anpeche yon gwo sès ou pa vle. Ou dwe chèche rapid sèvis medikal espesyalize.

**Si ou viktim vyolans epi ou bezwen èd, rele nan 180
(sèvis 24 èdtan)**



Rele nan 180
(sant apèl pou fanm)

Ki kote w ap jwenn enfòmasyon, fè tès epi jwenn èd gratis?

Pou fè tès epi jwenn èd, ale nan sant sante ki pli prè lakay w, epi sèvis espezyalize sa yo:

Belo Horizonte

CTA – Centro de Testagem e Aconselhamento, Sagrada Família

Rua Joaquim Felicio, 141, Sagrada Família, Belo Horizonte—MG

Telefòn: (31) 3277-5757

Lè yo resevwa moun: soti lendi pou rive vandredi 07:00 pou 11:00 nan maten epi 12:00 pou 07:00 nan aswè.

Betim

SEPADI (ansyèn Centro de Convivência Cazuza)

Avenida Juiz Marco Túlio Isaac, 1.500, Chácara, Betim—MG

Telefòn: (31) 3531-5533 / (31) 3531-4833

Lè yo resevwa moun: mèkredi 2:00 nan aprè midi epi jedi 9:00 nan maten.

Contagem

CTA – Centro de Testagem e Aconselhamento, Eldorado

Av. João Cesar de Oliveira, 2889, Eldorado, Contagem—MG

Telefòn: 3395-4614 / 3391-1685

Lè yo resevwa moun: soti lendi pou rive vandredi 08:00 nan maten pou 06:00 nan aprè midi.

Ribeirão das Neves

CTA – Centro de Testagem e Aconselhamento

Rua Antônio Miguel Cerqueira Neto, 461 São Pedro,
Ribeirão das Neves—MG

Telefòn: (31) 3624-1023 (*rele avan ou ale nan sant la*)

Santa Luzia

Viva Vida

Av. Raul Teixeira da Costa Sobrinho, 46. Camelos - Sãnta Luzia—MG

Telefòn: (31) 3649-7323

Lè yo resevwa moun : soti lendi pou rive vandredi 8:00 nan maten pou 05:00 nan aprè midi.

Reyalizasyon



Sipò



Tèks

CENTRO ZANMI, Belo Horizonte / MG

Tradiksyon an kreyòl ayisyen
OLRICHE DESSOIT

Kouvèti atis
Haitian Art Painting de Millien